

Kondisyon Jeneral Konsènan Gadri pou Timoun Fenk Vini

Pitit ou ka patisipe nan yon pwogram Gadri pou Timoun Fenk Vini (Care for Newcomer Children, CNC) si sèlman w ap resevwa sèvis ki benefisye bourad lajan Sitwayènte ak Imigrasyon peyi Kanada. Fòk ou prezan sou sit la epi disponib nan ka yon ijans prezante.

Pwogram CNC pa gadri pwovensyal. Pwogram CNC swiv Egzijans Konsènan Gadri pou Timoun Fenk Vini (Care for Newcomer Children Requirements, CNCR) epi yo pa gen pèmi gouvènman pwovensyal la tankou pwogram gadri tradisyonèl paske paran yo prezan sou sit la.

Tanpri pa bliye:

- Fòk ou se paran timoun nan pou itilize CNC.
- Fòk timoun nan gen pou pi piti 6 mwa pou l patisipe.
- Ou gen responsablite bay tout enfòmasyon ki nesèsè pou ede pèsònèl la okipe timoun nan.
- Fòk ou la toutan pandan timoun nan ap patisipe nan CNC.
- Ou responsab timoun nan epi ou dwe rete sou sit la pou bay swen lè sa nesèsè.
- Nenpòt lè w ap kite sit CNC a, fòk ou pran timoun nan ak ou.
- Si w kite sit la san timoun nan, ou ka pèdi posiblite pou jwenn swen nan pwogram CNC a.

Antanke paran, mwen bay pèsònèl la enfòmasyon y ap bezwen pou okipe pitit mwen an. Li klè pou mwen òganizasyon yo pral pran tout mezi sekirite posib pou pwoteje pitit mwen an. Mwen dakò pou yo libere, absoud, retire tout responsablite sou do òganizasyon an ak anpwaye ak volontè li yo pou nenpòt reklamasyon depi lalwa prevwa sa, tankou, men pa sa sèlman sa, reklamasyon ak domaj ki ka parèt akòz patisipasyon timoun mwen an nan pwogram sa.

Non Paran:

Siyati:

Dat:

Non ISO:

Siyati:

Dat: